

Konsèy pou Gwo Fanmi oswa Moun ki Fanmi k ap Viv nan yon Menm Kay

Tout moun riske trape maladi kowonaviris 2019 la (COVID-19) si yo ekspoze nan viris la. Moun aje ak moun ki gen nenpòt laj ki gen yon pwoblèm medikal grav alabaz gen plis risk pou maladi grav nan COVID-19. Jwenn plis enfòmasyon sou moun ki plis riske gen maladi grav akòz COVID-19 nan http://bit.ly/covid19_increasedrisk.

Si oumenm oswa yon moun nan kay ou plis riske gen maladi grav akòz COVID-19, lè sa tout manm fanmi an dwe aji konmsi yo gen plis risk. Sa kapab difisil si espas la piti pou gwo fanmi oswa moun ki fanmi k ap viv ansanm. Byenke evite kontak pwòch avèk lòt moun ak izole yon moun ki malad ka fè moun santi yo sèl, aksyon sa yo nesèsè pou redui pwopagasyon COVID-19 la epi pwoteje tèt ou ak pwoteje kay ou.

Dokiman sa a eksplike kijan pou:

- [Pwoteje manm fanmi yo lè ou kite kay la](#)
- [Pwoteje manm fanmi yo ki plis riske gen maladi grav](#)
- [Kenbe timoun yo an sante](#)
- [Izole yon manm fanmi ki malad](#)
- [Swen pou yon manm fanmi ki malad](#)
- [Bay manje lè yon moun malad](#)
- [Karantèn lè ou ekspoze ak yon moun ki malad](#)



U.S. Department of
Health and Human Services
Centers for Disease
Control and Prevention

cdc.gov/coronavirus

Kijan pou pwoteje manm fanmi yo ni lòt moun lè ou kite kay la

Si oumenm oswa yon moun nan kay ou plis riske gen maladi grav akòz COVID-19, lè sa tout manm fanmi an dwe aji konmsi yo gen plis risk. Chwazi youn oswa de moun nan fanmi an ki pa gen plis risk pou maladi grav nan COVID-19 pou al fè komisyon ki nesese yo. Lè ou nan kay la bò kote moun nan fwaye a ki plis riske gen maladi grav nan COVID-19, anvizaje swiv mezi prevansyon anplis, tankou mete yon mask, kenbe distans sosyal, lave men ou souvan, ak ogmante sikilasyon lè. **Men kèk konsèy pou manm fanmi sa yo lè yo kite kay la pou al fè komisyon:**

- 1. Kenbe atik sa yo avèk ou lè ou kite kay la:** yon mask, klinèks, ak dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl.
- 2. Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon mask lè ou ozalantou moun ki pa abite nan fwaye ou.** Mask yo dwe [lave](#) si yo sal oswa si yo vin mouye, oswa yo dwe lave omwen chak jou. Li enpòtan pou toujou retire mask yo kòrèkteman epi [lave men ou](#) apre ou fin jere oswa touche yon mask ki fin itilize. Aprann plis sou itilizasyon mask yo nan https://bit.ly/covid19_masks.
- 3. Kenbe distans sosyal.** [Rete omwen nan distans 2 mètr oswa 6 pye \(apeprè 2 longè bra\) avèk lòt moun.](#)
- 4. Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan 20 segonn omwen.** Si savon ak dlo pa disponib fasilman, **itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl ladan.** Toujou sonje lave men ou touswit apre ou retounen lakay ou. Aprann plis bagay sou lavaj men nan https://bit.ly/covid19_washhands.
- 5. Evite manyen sifas moun touche souvan yo nan zòn piblik yo, tankou bouton asansè ak balistrad yo.** Evite touche figi ou (zye, nen, bouch) oswa mask ou jiskaske ou lave men ou oswa ou itilize dezenfektan pou men.
- 6. Si ou itilize transpò piblik, swiv konsèy sa yo:**
 - » Mete yon mask.
 - » Kenbe omwen 2 mètr oswa 6 pye distans (apeprè 2 longè bra) ak lòt pasaje yo otank posib.
 - » Evite touche otank posib sifas moun manyen souvan yo, tankou balistrad yo.
 - » Lave men ou avèk savon ak dlo, oswa itilize dezenfektan pou men ki gen ladan omwen 60% alkòl dèke sa posib apre ou fin kite transpò piblik.
- 7. Pa monte nan yon machin avèk manm nan fwaye diferan. Si ou dwe monte nan yon machin avèk lòt moun, swiv konsèy sa yo:**
 - » Mete yon mask.
 - » Louvri fenèt yo oswa itilize sikilasyon lè machin lan pou fè lè fre antre.
 - » Evite manyen sifas yo otank posib.
 - » Limite kantite pasaje nan veyikil la epi espase yo otank posib.
 - » Lave men ou avèk savon ak dlo, oswa itilize dezenfektan pou men ki gen ladan omwen 60% alkòl apre ou kite veyikil la.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan fason pou redui risk lè w al fè komisyon endispansab yo nan http://bit.ly/covid19_errands.



Kijan pou pwoteje manm fanmi ki plis riske gen maladi grav yo nan COVID-19

Si yon moun nan kay ou se yon moun aje oswa li gen sèten pwoblèm medikal kache alabaz, lè sa tout manm fanmi an dwe aji konmsi yo plis riske gen maladi grav nan COVID-19. Jwenn plis enfòmasyon sou moun ki plis riske gen maladi grav akòz COVID-19 nan http://bit.ly/covid19_increasedrisk. **Swiv konsèy sa yo pou pwoteje manm fanmi yo:**



- 1. Kontinye rete lakay ou tout tan sa posib.**
- 2. Kenbe distans sosyal.** Rete omwen nan distans 2 mètr oswa 6 pye (apeprè 2 longè bra) separe ak lòt moun.
- 3. Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn,** sitou apre ou te nan yon plas piblik oswa apre ou fin mouche nen ou, touse, oswa etènye. Si savon ak dlo pa disponib fasilman, itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl ladan.
- 4. Pa touche zye, nen, bouch oswa mask ou avèk men ki pa pwòp.** Netwaye men ou touswit avèk savon ak dlo oswa dezenfektan pou men apre ou fin manyen figi ou (zye, nen, bouch) oswa mask ou.
- 5. Kouvri tous ak etènye ou yo avèk yon klinèks oswa sèvi avèk andedan koudbra ou. Jete klinèks ize yo nan fatra epi lave men ou touswit.**
- 6. Netwaye avèk dlo ak savon sifas moun manyen souvan yo epitou nenpòt bagay pataje nan entèval itilizasyon yo** tankou tab, manch pòt, switch limyè, anlè kontwa, manch, biwo, twalèt, wobinè, ak lavabo. Apre sa, sèvi ak yon pwodui netwayaj pou kay pou dezenfekte sifas la (touye jèm yo). Mete gan, si sa posib, lè w ap netwaye ak dezenfekte avèk yon pwodui netwayaj oswa dezenfektan pou kay ki disponib nan komès oswa ki fabrike nan kay. Swiv espikasyon pou itilizasyon ki sou etikèt pwodui netwayaj la oswa dezenfektan an. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou netwayaj ak dezenfeksyon la a: http://bit.ly/covid19_clean.
- 7. Asire ou ke kay la gen bon sikilasyon lè.** Si li san danje epi li pratik pou fè sa, louvri yon fenèt epi limen yon vantilatè pou fè antre ak fè sikile lè fre.
- 8. Evite anbrase, bo, oswa pataje manje oswa bwason avèk moun nan kay ou ki plis riske gen maladi grav yo.**
- 9. Pa gen vizitè sòf si yo oblije nan kay ou (pa egzanzp, enfimye/enfimyè swen sante nan kay).** Si ou gen vizitè, anvan yo antre lakay ou, tcheke tèt ou ak lòt moun nan kay ou pou sentòm COVID-19 yo epi mande vizitè ou yo pou yo fè menm bagay la. Enfòm vizitè ou yo si oumenm oswa nenpòt moun lakay ou te ekspoze nan COVID-19 oswa malad ak COVID-19. Pa kite antre lakay ou okenn vizitè malad oswa vizitè ki te ekspoze. Sonje rete separe ak omwen 2 mètr oswa 6 pye (apeprè 2 longè bra), mete yon mask, epi mande vizitè yo mete yon mask anvan yo antre lakay ou. Aprann plis nan http://bit.ly/covid19_visitors.
- 10. Evite fè manm fanmi ki gen plis risk yo pran swen lòt moun nan fwaye yo.** Si se moun ki gen plis risk yo ki oblije moun k ap bay swen yo, moun y ap okipe yo dwe rete lakay yo otank posib pou pwoteje manm fanmi pa yo ki plis riske gen maladi grav nan COVID-19.



Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan http://bit.ly/covid19_highrisk.

Kijan pou kenbe timoun yo an sante

Timoun yo ak lòt moun ka gaye viris la menm si yo pa prezante sentòm yo. Byenke pifò timoun pa sanble plis riske gen maladi grav nan COVID-19, sèten timoun gen maladi grav, sitou tibebe ak timoun ki gen pwoblèm medikal kache alabaz. **Pou ede pwoteje timoun yo epi kenbe yo an sante pandan pandemi COVID-19 la, swiv konsèy sa yo:**

11. Aprann timoun yo kijan pou yo pwoteje tèt yo ak pwoteje lòt moun. Timoun yo ak lòt moun ka gaye viris la menm si yo pa gen sentòm yo. Anseye epi ranfòse kay timoun yo aksyon toulejou pou prevansyon yo, tankou kouvri tous ak etènne yo avèk yon klinèks, jete klinèks ize yo nan yon poubèl ki double, epi apre sa netwaye men yo touswit.



12. Timoun ki gen 2 zan oswa plis dwe kouvri bouch yo ak nen yo avèk yon mask lè yo bò kote moun ki pa abite nan fwaye ou.



13. Aprann timoun yo lave men yo souvan epi pandan omwen 20 segonn chak fwa. Eksplike ke lavaj men ka kenbe yo an sante epi yo anpeche pwopagasyon viris la bay lòt moun. Raple timoun yo pou yo lave men yo apre yo fin mouche nen yo, touse, oswa etènne, apre yo sot nan twalèt, apre yo te deyò, epi anvan ak apre yo manje nouriti.



» Si savon ak dlo pa disponib fasilman, itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl ladan epi fwote men yo ansanm jiskaske yo sèch. Yo dwe sipèvizè jenn timoun yo pou asire ke yo itilize dezenfektan an san danje.

14. Eseye pa kite timoun yo jwe avèk timoun ki soti nan lòt fwaye. Si timoun ki soti nan fwaye diferan ap jwe ansanm, ankouraje pou yo jwe deyò epi raple yo pou yo mete yon mask epi rete omwen 2 mèt oswa 6 pye (apeprè 2 longè bra) separe youn ak lòt. Timoun yo dwe evite pataje jwèt.



» Fè timoun yo sonje lave men yo avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn apre yo fin jwe avèk timoun ki soti nan lòt fwaye. Si savon ak dlo pa disponib fasilman, itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl ladan.

15. Ede timoun yo rete konekte avèk zanmi yo pa mwayen tchat videyo, koutfil ak lèt yo ekri.



16. Ede timoun ou fè fas ak estrès. Siveye siy estrès yo oswa chanjman konpòtman yo. Reponn kesyon epi pataje reyalyte yo sou COVID-19 nan yon fason timoun ou ka konprann. Bay timoun ou asirans ke li an sekirite epi fè l konnen se nòmal pou l santi l boulvèse. Ou ka jwenn plis konsèy pou pale avèk timoun yo sou COVID-19 nan http://bit.ly/covid19_talktochild.



Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan http://bit.ly/covid19_children.

Kijan pou izole yon manm fanmi ki malad

Si yon moun nan fanmi an malad ak COVID-19, li ka difisil pou evite kontak pwòch avèk moun sa lè espas la limite. Yo itilize **izòlman** pou separe moun ki malad avèk COVID-19 parapò ak moun ki pa enfekte yo. **Lè yon moun nan fanmi an ki malad ap izole, swiv konsèy sa yo:**

- 1. Kenbe tout kantite espas ki posib ant moun ki malad la ak lòt moun, sa gen ladan bèt nan kay la—rete separe ak omwen 2 mètr oswa 6 pye (apeprè 2 longè bra).** Separe moun ki plis riske gen maladi grav yo ak nenpòt moun ki malad.
- 2. Fè moun nan kay la ki malad la mete yon mask lè li bò kote moun k ap okipe l oswa lòt moun nan kay la.** Pa mete yon mask sou timoun ki poko gen laj 2 zan, sou nenpòt moun ki gen pwoblèm pou respire, oswa nenpòt moun ki pa kapab retire pwoteksyon an san yo pa ede l. Aprann plis sou mask yo nan https://bit.ly/covid19_masks.
- 3. Raple moun ki malad la pou li kouvri tous ak etènnye li epi evite manyen zye, nen, bouch, ak mask li.**
- 4. Tout moun yo nan kay la dwe lave men yo souvan avèk savon ak dlo** oswa itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl epi evite manyen zye, nen, ak bouch yo.
- 5. Fè yon sèl moun nan fwaye a pran swen moun ki malad la.** Moun sa a k ap bay swen yo pa dwe gen plis risk pou gen maladi grav.
 - » Diminye nèt kontak avèk lòt moun nan kay la, sitou moun yo ki gen plis risk pou maladi grav.
 - » Prevwa yon moun pou okipe moun ki malad la epi yon moun diferan k ap okipe lòt moun nan kay la ki bezwen èd pou netwayaj, benyen, oswa lòt travay toulejou yo.
 - » Moun k ap bay swen an dwe mete yon mask lè l ap pran swen moun ki malad la ak si li dwe kominike avèk lòt moun nan kay la ki gen pwoblèm medikal kache alabaz oswa si li dwe pran swen yo.
- 6. Evite pataje bagay pèsònèl tankou telefòn, asyèt, goblè, kouvè, sèvyèt, atik kabann, oswa jwèt avèk moun ki malad la.**
- 7. Netwaye ak dezenfekte nenpòt kote nan kay la moun ki malad la te ye, ansanm ak atik kabann yo ak rad yo.** Aprann plis nan https://bit.ly/covid19_clean_disinfect.



8. Si ou pataje yon chanmakouche avèk yon moun ki malad:

- » Asire ou chanm lan gen bon sikilasyon lè. Si li san danje epi li pratik pou fè sa, louvri yon fenèt epi limen yon vantilatè pou fè antre ak fè sikile lè fre.
- » Mete kabann yo separe omwen ak distans 2 mètr oswa 6 pye (apeprè 2 longè bra). Si sa pa posib, dòmi tèt pou pye.
- » Mete yon separasyon fizik toutotou kabann moun malad la. Pa egzanp, ou ka itilize yon rido pou douch, separatè ekran chanm, gwo tablo afichaj an katon, lenn, oswa gwo kouvrel.
- » Lave epi seche bagay an twal yo apre yon moun ki malad te itilize yo. Mete gan jetab pandan w ap manyen lesiv sal.



9. Si ou pataje yon saldeben avèk yon moun ki malad, fè li netwaye ak dezenfekte l apre chak itilizasyon. Si sa pa posib, moun k ap bay swen an dwe mete yon mask ak gan jetab epi tann tout kantite tan ki posib apre moun ki malad la fin itilize saldeben an anvan li antre pou netwaye l. Moun ki malad la dwe mete yon mask lè l ap itilize saldeben an, si sa posib. Asire ou saldeben an gen bon sikilasyon lè. Si li san danje epi li pratik pou fè sa, louvri yon fenèt epi limen yon vantilatè pou fè antre ak fè sikile lè fre.

10. Pa gen vizitè sòf si yo oblije nan kay ou (pa egzanp, vizit yon enfimye/ enfimye). Fè vizitè yo konnen gen yon moun nan kay ou ki malad ak COVID-19. Si vizitè yo dwe antre, yo dwe mete yon mask epi rete lwen moun ki malad la otank posib, nan distans omwen 2 mètr oswa 6 pye (apeprè 2 longè bra).



11. Moun ki malad la dwe rete nan izòlman jiskaske li ranpli kritè pou mete fen nan izòlman nan kay.

Aprann plis nan http://bit.ly/covid19_endisolation.

Kijan pou pran swen yon manm fanmi ki malad

Pifò moun ki vin malad avèk COVID-19 ap gen yon maladi lejè sèlman epi yo dwe rete lakay yo pou yo refè. **Si w ap okipe yon moun ki malad nan kay la, swiv konsèy sa yo:**

1. Asire ou moun ki gen COVID-19 la fè sa ki annapre la yo:

- » Bwè ase likid pou rete idrate.
- » Repoze lakay li.
- » Itilize medikaman san preskripsyon pou soulaje sentòm yo (apre li fin pale avèk doktè l nan telefòn).
- » Lave men li souvan avèk savon ak dlo pandan 20 segonn omwen. Si savon ak dlo pa disponib fasilman, itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl.
- » Pou pifò moun, sentòm yo dire kèk jou epi yo amelyore apre yon semèn.

2. Limite kontak ou avèk moun ki malad la otank posib. Mande moun ki malad la pou li mete yon mask, si sa posib, anvan ou pran swen l. Moun k ap bay swen an dwe mete yon mask tou pandan l ap okipe moun ki malad la, paske sa ta ka bay enpe pwoteksyon.

3. Moun k ap bay swen an dwe nan karantèn. Moun k ap bay swen an dwe nan karantèn apre li fin pran swen yon moun ki malad. Aprann kilè ak kijan yo fè karantèn nan http://bit.ly/covid19_quarantine.

4. Netwaye sifas yo, manch pòt yo, ak lòt sifas moun manyen souvan yo avèk savon ak dlo. Apre sa, sèvi ak yon netwayan pou kay pou dezenfekte sifas sa yo chak jou (pou touye jèm yo). Jwenn yon lis netwayan ak dezenfektan pou kay ki efikas kont viris ki lakòz COVID-19 la nan: http://bit.ly/covid19_disinfectants.

- » Si li san danje epi li pratik pou fè sa, louvri yon fenèt epi limen yon vantilatè pou fè antre ak fè sikile lè fre pandan w ap itilize pwodui netwayaj.
- » Si sa posib, rezève yon poubèl double pou moun ki malad la sèlman. Mete gan jetab ki ize yo ak lòt bagay ki kontamine yo nan yon poubèl double. Lave men ou apre ou fin manyen fatra.
- » Lave epi seche bagay an twal yo apre yon moun ki malad te itilize yo. Mete gan jetab pandan w ap manyen lesiv sal.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou netwayaj ak dezenfeksyon la a: http://bit.ly/covid19_clean.



5. Gen nimewo telefòn doktè l sou lamèn, epi rele doktè l si moun ki gen COVID-19 lan vin pi malad oswa si ou gen kesyon oswa enkyetid konsènan moun w ap okipe a. Si ou pa pale Anglè kouraman, mande yon entèprèt oswa mande yon manm fanmi ede ou. Si moun ki gen COVID-19 la bezwen ale kay doktè, rele anvan ou ale epi fè moun ki malad la mete yon mask.



6. Chèche siy avètisman dijans yo* pou COVID-19. Si yon moun montre nenpòt nan siy sa yo, chèche swen medikal dijans san pèdi tan:

- » Pwoblèm pou respire
- » Doulè oswa presyon pèsistan nan pwatrin
- » Nouvo konfizyon
- » Pa kapab reveye oswa rete jeklè
- » Po, lèw oswa anba zong koulè pal, gri oswa ble, selon koulè po a

* Lis sa a pa gen ladan tout sentòm ki posib yo. Tanpri rele doktè l pou rapòte nenpòt lòt sentòm ki grav oswa ki enkyete ou.

7. Rele 911 pou ijans medikal yo. Di operatè 911 lan ke moun lan gen, oswa ou panse li gen COVID-19. Si ou pa pale Anglè kouraman, mande yon entèprèt oswa mande yon manm fanmi ede ou.



8. Mande yon zanmi oswa yon vwazen pou ede al chèche pwovizyon manje ak medikaman ou, si sa posib. Oswa tcheke opsyon livrezon ki disponib nan zòn ou an.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou fason pou pran swen yon moun ki malad nan http://bit.ly/covid19_care4sick.





Kijan pou bay manje lè yon moun malad

Si sa posib, prepare yon asyèt pou manm fanmi ki malad la pou li manje nan zòn apa kote li ye a. Si li pa kapab manje nan zòn apa kote li ye a, li dwe rete lwen otank posib—nan distans omwen 2 mètr oswa 6 pye (apeprè 2 longè bra) separe ak lòt manm fanmi an—pandan repa yo oswa li dwe manje nan yon moman diferan parapò ak rès fanmi an.

Epitou, swiv konsèy sa yo:

- 1. Pa ede prepare ni sèvi manje si ou malad.**
- 2. Fè tout moun nan kay la lave men yo pandan omwen 20 segonn avèk savon ak dlo anvan ak apre yo fin prepare oswa manje nouriti.**
- 3. Sèvi ak istansil pwòp pou sèvi manje.** Fè yon sèl moun sèvi tout manm fanmi an manje oswa fè chak manm fanmi sèvi tèt yo avèk pwòp istansil pwòp pa yo pou evite manyen menm istansil yo.
- 4. Pa manje nan menm asyèt ni itilize menm kouvè ak okenn lòt moun nan fwaye a.**
- 5. Fè moun k ap bay swen an mete yon mask pou pote manje ba moun ki malad la ak pou netwaye asyèt ak kouvè moun ki malad la.** Li dwe yon moun ki pa gen plis risk pou maladi grav.
- 6. Mete gan pou manyen asyèt, vè ak kouvè moun malad la itilize oswa asyèt, vè ak kouvè sal li, si sa posib.** Epitou, lave atik ki fin itilize yo avèk dlo savon cho, oswa nan yon machin pou lave vesèl.
» Si moun ki malad la gen rès manje pou konsève pou pita, konsève manje l nan yon veso apa epi make manje a se pou moun ki malad la dekwa pou lòt moun konnen pou yo pa manje l.
- 7. Lave men ou pandan omwen 20 segonn avèk dlo ak savon apre ou fin manyen asyèt ak kouvè ki fin itilize ak apre ou fin retire gan yo.**



Kijan pou fè karantèn lè ou ekspoze ak yon moun ki malad

Yo itilize **Karantèn** pou separe lwen lòt moun yon moun ki te petèt ekspoze nan COVID-19 la pou ede anpeche pwopagasyon maladi a. **Si oumenm oswa yon moun nan kay ou te gen kontak pwòch avèk yon moun ki gen COVID-19, swiv konsèy sa yo:**



1. Rete lakay ou epi siveye sante ou.

- » Rete lakay ou epi mete ou nan [karantèn](#) apre dènye kontak ou avèk yon moun ki gen COVID-19.
- » Siveye lafyè (100.4°F oswa pi wo), tous, souf kout, nouvo pèt gou oswa sant, oswa [lòt sentòm](#) COVID-19 yo.
- » Si sa posib, rete lwen lòt moun, sa gen ladan [bèt nan kay la](#), sitou moun ki gen [plis risk](#) pou yo vin malad anpil nan COVID-19. Byenke sa ka fè moun santi yo sèl, rete nan karantèn lan nesèsè pou redui pwopagasyon COVID-19 la ak pou pwoteje tèt ou ak pwoteje kay ou. Kontakte depatman sante lokal ou oswa founisè swen sante ou pou jwenn lòt opsyon pou lojman si ou santi ou pa kapab mete ou nan karantèn an sekirite lakay ou.



2. Kouvri touse ak etènne ou yo; lave men ou souvan; epi pa manyen zye, nen ak bouch ou oswa mask ou an. Lave men ou apre ou fin manyen zye, nen, bouch ou oswa mask ou.



3. Si yon moun nan kay ou malad ak COVID-19 epi li kapab rete nan yon chanmakouche apa pou izole tèt li, oumenm ak lòt moun nan kay ou ki te nan kontak pwòch avèk moun ki malad la dwe mete nou nan karantèn (separe tèt nou lwen moun ki malad la) epi rete lakay nou pandan yon peryòd tan apre moun nan kay la ki gen COVID-19 la te kòmanse izòlman.



4. Nenpòt lè yon nouvo moun nan kay la vin malad avèk COVID-19 epi nou te gen kontak pwòch, ou pral gen pou ou rekòmanse karantèn ou.



5. Si w ap pran swen yon manm fanmi ki malad avèk COVID-19 oswa ou pa kapab separe tèt ou parapò ak moun ki malad la, ou dwe mete tèt ou nan karantèn pandan w ap okipe moun ki gen COVID-19 la ak pandan yon peryòd tan apre moun nan kay ou an ki gen COVID-19 la kapab mete fen nan izòlman an.

Aprann fason pou fè karantèn: http://bit.ly/covid19_quarantine. Tcheke sit entènèt depatman sante lokal ou pou jwenn enfòmasyon sou opsyon ki genyen nan zòn ou an pou diminye petèt peryòd karantèn ou an.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou lè yon moun ki gen COVID-19 ka mete fen nan izòlman epi rete ozalantou lòt moun nan http://bit.ly/covid19_endisolation.

6. Limite vizitè yo pou se sèlman moun ki dwe nan kay la (pa egzanp, enfimye/enfimyè swen sante nan kay). Fè vizitè ou yo konnen gen yon moun nan kay ou ki malad ak COVID-19 epi gen lòt moun nan karantèn. Si vizitè yo dwe antre, yo dwe mete yon mask epi rete lwen otank posib—**nan distans omwen 2 mètr oswa 6 pye (apeprè 2 longè bra)**—parapò ak moun ki malad la ak nenpòt moun ki nan karantèn.



7. Mande yon zanmi oswa yon vwazen pou ede al chèche pwovizyon manje ak medikaman ou, si sa posib. Tcheke makèt nan zòn ou an pou wè si yo fè livrezon.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan kilè ak kijan yo fè karantèn nan http://bit.ly/covid19_quarantine.